# Шымбайлы 14 жаслы Асадбек Өзбекстан чемпионы болды

Күни кеше 21-октябрь күни Ташкент қаласында спорттың профессионал бокс түринен клублар арасында болып өткен Өзбекстан чемпионатында Шымбай районлық 36-санлы қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектебиниң әскерий Ўатансүйиўшилик бағдарына қәнигелестирилген класс оқыўшысы Генжемуратов Асадбек 1-орынды ийелеп «SCB CHAMPIONShIP» белбеўин жеңип алып, 54 кг салмақ категориясында Өзбекстан чемпионына айланды.

Image not found or type unknown

2017-жылдан баслап бокс пенен шуғулланып киятырған Асадбек, қысқа ўақыт ишинде көплеген турнир, ашық чемпионатларға қатнасып бир неше мәрте жоқары нәтийжелерге еристи. Устазы Байназар Избасаров пенен турақлы шуғулланып барады. Ол ҳәзирде Шымбай балалар ҳәм өспиримлер спорт мектеби тәрбияланыўшысы.

- Бул белбеў маған еле де күш-қуўат бағышлайды. Келешекте олимпиада чемпионы болып, билдирилген исенимди ақлаў тийкарғы мақсетим, - дейди Асадбек Генжебаев.